# ЕЛИ-ХАЛҚЫМ, МИЛЛИЙ МИЙРАСЛАРЫМ ДЕП…

(Профессор С.Баҳадырованың «Қарақалпақ қандай халық» мийнети мысалында)

**Қудияров Алишер Раметуллаевич**

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети қурамындағы Репрессия қурбанларын еслеў музейи, Нөкис*

**Аннотация.** Мақалада С.Баҳадырованың белгили илимпаз, әдебиятшы, өз халқының мийрасларын кең жәмийетшиликке танытыўда пидайы инсан екенлиги илимий мийнетлери тийкарында көрсетип берилген.

**Таяныш сөзлер.** Фольклор, өтмиш, мийрас, естелик, аўыз-еки әдебият.

Өтмишке итибар берип қарасақ, әсиресе жасап атырған халықлардың турмысына дыққат аўдарсақ, ҳәр бир халықтың жәмийетте өз орнына ийе болыўында, сол халықтың арасынан өсип шыққан тарийхый тулғалардың, ойшыллардың ҳәм алымлардың жәмийеттиң раўажланыўы жолындағы ой-пикирлери үлкен әҳмийетке ийе. Себеби, олар бәрқулла өзиниң халқының келешеги, раўажланыўы ушын күш жигерин жумсаў менен бирге өсип киятырған әўладты тәрбиялаўға умтылғанын көремиз.

Халқымыздың усындай бай тарийхын ҳәм олар дөреткен мийрасты қәстерлеген, оны кейинги әўладқа жеткериў ушын, халқымыздың атын жоқары көтериў жолында ели ушын хызмет еткен пидайы инсанлардың бири, профессор Сарыгүл апа Баҳадырова болып есапланады. С.Баҳадырова қарақалпақ халқының аўызеки әдебиятын, бай мийрасларын, халқымыздың турмысында из қалдырған инсанлардың хызметлерин изертлеўге өзиниң салмақлы үлесин қосқан илимпаз ретинде белгили. Бул дәрежеге ол өзиниң тынымсыз ҳәрекетлери ҳәм оғада машақатлы мийнет жемисиниң арқасында ерискен. Сонлықтан да, илимпаздың өмир жолы, оның илимий мийнетлериниң, ҳәр биримиз ушын, әсиресе илим жолына қәдем қойып атырған жаслар ушын өрнек екенлигин уғып барыўымыз керек. Белгили илимпаз С.Баҳадырова өзи таңлаған тараўдың шын мәнисиндеги пидайысы екенлигин, халқымыздың бай мийрасларына арналған китаплары, конференция материаллары ҳәм топламларда, газета-журналларда жәриялаған мақалаларынан көремиз.

Буған белгили әдебиятшы апамыз Сарыгүл Баҳадырованың 2010-жылы «Еркин Қарақалпақстан» газетасында «Ҳәзирети ата-баба қалдырған байлықлар» темасындағы мақалалар дүркими ҳәм ондағы халқымыз тарийхына болған сезимлерди қалайынша көрсетемен деген толғаўлар халқының тарийхына қызыққан ҳәр бир инсанды толғандырса керек. Бунда мақала авторы С.Баҳадырова өз сезимлерин төмендигише келтиреди: 1997-жылы биринши рет Түркияға халықаралық илимий конференцияға бардым. Конференция ашылған

күни бир журналист келип, меннен интервью алғысы келетуғынын билдирди… Сонда мен бизиң халық сыпатында басқаларға айтатуғын немиз бар деген сораў менен бетпе-бет ушырастым. Сол сораўға жуўап табыў мақсетинде тынбастан ислеймен, излеймен, изленемен. Ата-бабамның қолы менен исленген, таланты менен дөретилген байлықларынан жуўап таўып тынышланаман, оларды басқаларға айтқым келеди, сол ўақытта мен асаў Әмиўге усайман, мени ҳеш ким тоқтатпаса, бар күшим менен мәўиж урып, дәрьядай бурқасынлап ақсам деймен, қуйынлатып қатты самал болып желсем деймен, үргин болып ҳүўлесем, гүлдирмамадай гүлдирлеп, жерге нөсерлеп қуйған жаўын болып жаўсам деймен. Усылай ата-бабаларымның әрўақларын шақырып жазғаным менен мен ол байлықтың сырларын ашып бере алсам не жақсы? Бирақ тәўекел етип көрейин. [Баҳадырова С., 2010. – 3 б].

Тыным бермеген усындай ойлар, қыяллар халқының өтмишине қызыққан ҳәр бир инсанға үлкен қозғаў салары сөзсиз еди. Ҳақыйқатында да, ҳәр бир болажақ илимпаз, усы аймақта туўылып өскен, ержетип камалға келген ҳәр бир инсан мен халқымның қандай байлығы менен мақтаныш етемен ҳәм оны қалайынша көрсетемен деген сораўлар менен жасап, оған жуўап табыўға ҳәрекет етиў керек. Сонлықтанда, илимпаз апамыздың исин даўам етип, өзимиздиң, халқымыздың, жасап атырған аймағымыздың не менен мақтаныш етемиз, келешек урпақларымыз алдындағы ўазыйпаларымызды жуўапкершилик пенен атқарыўға өзлеримиздиң үлесимизди қосып барсақ, халқымыздың атын кең жәмийетшиликке танытыўда, үгит-нәсиятлаўда үлес қосқан боламыз.

Илимпаздың «Қарақалпақ қандай халық» китабы жүрек төринен жазылған мийнет. Китапта «Қарақалпақ қандай халық» деп сораў қойыў менен, оған халқымыздың өтмиш турмысы арқалы жуўап береди. Китапты оқыў арқалы халқымыздың тарийхының, мийрасларының, жериниң, тәбиятының, улыўма күнделикли турмысының оғада бай екенлигиниң гуўасы боласаң. Китапта қарақалпақ халқының пайда болыўы, қарақалпақ ҳаял қызлары, қарақалпақлар турмысында аттың орны, халқымыздың мақтанышы, бай мийрасы, өзгешеликлерин көрсетип беретуғын жыраў, дәстанлары ҳаққында оқыўшыны өзине тартатуғын қызықлы ҳәм қунлы мағлыўматлар береди. Усы турмысты әпиўайы тил менен, оқыўшыға қызығарлы етип жеткерип бериўи үлкен тәжирийбени, халқымыз тарийхының жан күйери екенлигин көрсетип турыпты. Буған жуўапларды тил менен жеткерип бериў қыйын. Буған мысалларды төмендеги қатарлар арқалы билиўимизге болады.

Әмиўдиң суўындай мазалы суў жоқ. Оның суўы шийрин, ылайлы суў болыўына қарамастан булақтың суўындай мазалы, жаңа саўылған сүттиң дәминдей жағымлы, жумсақ. Усылай тәрийплегеним менен Әмиўдәрьяның суўының дәмин еле жеткизип бергеним жоқ. Булақтың суўы таза, мөлдир, ал

Әмиўдиң суўы ылай. Бул ылай суўды қалай мақтайсыз, деўи мүмкин. Ал, усы ылай суўдың дәмин тил менен тәрийплеў мүмкин емес. Усы суўды ишип өскен барлық жемистиң дәми, қустың, малдың дәми басқаша. Әмиў бойында өскен жемистиң дәмин ҳеш жерден таба алмайсыз. Әмиў бойында кең жайлаўда өскен сыйыры менен қойының, қуслардың гөшин бир жесеңиз, оны умыта алмайсыз, оның дәмин ҳеш жерден таба алмайсыз. Бул Арал теңизи әтирапына күн нурының басқаша түсиўинен бе, яки усы жердиң топырағының ҳасыллығы ма, яки дәрьяның қайырында жасап атырған тиришиликтен бе екен, ким билсин? [Баҳадырова С., 2017. – 15б].

Сарыгүл Баҳадырова газета редакторы менен сәўбетинде, «қарақалпақлар ески халық, саны аз болғаны менен дүньяға мақтана алатуғын мийрасы, миллий байлығына ийе халық. Мен соны түсинип турып, тыныш жата алмайман. Өз халқымның әжайып миллий мийрасын дүньяға танытыў мениң мақсетим» - деп жазыў менен бирге «миллий мийрасты қәдирлеў, оған шаң тийгизбей сақлаў ҳәмменің ўазыйпасы. Ол ҳәмме ушын бирдей, ол халық байлығы, сени басқа халықлардан ажыратып беретуғын, сениң қандай халық екенлигиңди көрсететуғын, ол ата-бабаның таланты менен жыйналған байлығы» [Өтегенов Ж., 2020. – 3 б] - деп жоқары баҳа береди.

Өтмиш тарийхымызды ҳәм оның аўызеки әдебиятын изертлеўши илимпазлардың атап көрсетиўи бойынша, халқымыздың тарийхына терең дыққат аўдарып қарасақ, барлық дәўирлерде де бизиң ата-бабаларымыз руўхый байлыққа көп кеўил бөлген. Биз материаллық байлықтан гөре руўхый байлық пенен жасап келген халықпыз. Дүньяда ҳеш ким өзгерте алмайтуғын бир тарийх бар, ол ҳәтте қылышынан қан тамып турған патшалардан да қорықпай, өз пикирин айта алады. Бул халықтың ядында сақланатуғын тарийхы. Оның сиясат пенен, дәўири менен жумысы жоқ, ол тек болғанды айтады. Ол бөрттириўи, детальларын күшейтиўи мүмкин, бирақ өз пикирин айтпай қалмайды. Аўызеки тарийхтың сақланатуғын жери – халықтың яды, аўыз әдебияты [Баҳадырова С., 2017. – 20 б], - деп көрсетсе де, жоқарыдағы сәўбеттеги қатарларды да келтирип өткенди мақул көрдим. “Ҳәр бир қарақалпақтың қорасында малы болмаса да, төринде ала мойнақ дуўтары болған, сол дуўтар арқалы халықтың миллет сыпатында руўхын сақлаған, тарийхтың узақ мәнзилинде халыққа күш берген, руўхландырған байлығы. Усы рух миллийлигимиздиң коды фольклорда сақланады” [Өтегенов Ж., 2020. – 5 б] - деп жазады.

Усындай тарийхымызды ядында сақлаған қарақалпақ халқы түрли тарийхый себеплер менен өзиниң жайлаўы менен қыслаўын таслап көшип, ўатаннан, жерден, суўдан, күн-көристен айрылса да, олар өзлериниң руўхый азығы – аўызеки дөретпелерин яд етип өзи менен бирге алып жүрген. Бунда

қарақалпақ халқының ядының бир бөлеги сыпатында көркем сөзи ҳасыл ғәзийнесиниң алтынлары ҳәм гәўҳарлары – оның әсирлер даўамында дөреткен аўызеки мийраслары үлкен орын ийелейди. Сонлықтанда, ҳәзирги ўақытта тарийхшыларымыздың алдында турған ең әҳмийетли мәселелердиң бири – қарақалпақ халық аўызеки дөретпелерин, көркем әдебий шығармаларын тарийхый дерек сыпатында үйрениў арқалы дереклик базасын кеңейтиў болып табылады.

С.Баҳадырова қарақалпақ әдебияты ҳәм фольклорын дүньяға танытыўда тек өзиниң жеке мийнетлери менен ғана емес, ал бул жумысты шөлкемлестириў уқыбы бойынша да ажыралып турады. Көпшиликтиң есинде болса керек, 1997-жылы сентябрь айында Нөкис қаласында қарақалпақ халқының дүньяға белгили “Қырық қыз” дәстаны бойынша халық аралық конференция үлкен той, байрам дәрежесинде өтти. Усындай халық аралық конференциялар оның шөлкемлестириў ҳәм басшылығы менен Нөкис қаласында “Алпамыс” ҳәм “Едиге” дәстанлары бойынша да өткерилди. Ҳәзирги ўақытта изли-изинен баспадан шығып атырған қарақалпақ фольклорының 100 томлық бай ғәзийнесин халыққа инам етиўди ойластырған ҳәм шөлкемлестирген ең белсендилердиң бири Сарыгүл Баҳадырова болып табылады [Жәримбетов Қ., 2014. – 3 б].

Президентимиз Ш.М.Мирзиёев «қарақалпақстанлы илимпазлар тәрепинен 100 томнан ибарат “Қарақалпақ фольклоры” баспадан шығарылғаны үлкен мийнеттиң өними екенине гуман жоқ. Ендиги ўазыйпа әне усындай бийбаҳа руўхый байлықтың жас әўладымыздың жүрегинен терең орын алыўы ушын перзентлеримиздиң китап-қумарлық мәдениятын арттырыўдан ибарат... жаслардың китап оқыўға болған қызығыўын асырыўға, оларды китап пенен дос болыўға, халықтың китапханлық дәрежесин жәнеде асырыўға айрықша итибар қаратыў лазым болады» [Мирзиёев Ш., 2018. – 217 б], -деп халқымыздың бай мийрасына, келешегимиз болған жаслар тәрбиясындағы орнына жоқары баҳа берип өткен еди.

Ал, илимпаз апамыздың өзиниң қарақалпақ фольклорын баҳалаўынша, Қарақалпақ фольклоры аўызеки түрде қәлиплескен халқымыздың әййемги дәўирден бери жыйнап әкелген руўхый мәдениятының, ақыл-ой, философиясының жыйынтығы. Бир нешше мың жыллық тарийхый, социаллық-жәмийетлик ўақыяларды өз ишине қамтыған теңсиз миллий байлық. Қарақалпақ фольклоры аўызеки сөз ҳәм музыка менен жақсылық, гөззаллық, адамгершиликти үйретеди, ол жаўызлыққа қарсы гүресип келди, жасларды Ўатанын сүйиўге, халықлар дослығын қәдирлеўге, ҳадаллыққа тәрбиялап келди. Бул мийрасымыз тарийхтың бирнеше жүз жыллық сынақларынан өткен, ата-баба өз әўладын руўхы бай, жоқары адамгершиликли, жан-жақлама

жетилискен бәркамал инсан етип тәрбиялаўда пайдаланған тәжирийбеси [Баҳадырова С., 2015. – 19 б].

Сарыгүл Баҳадырованың көплеген мийнетлери баспа сөзде жәрияланып, халқымыздың бай мийрасын үйрениўде ҳәм жасларды ўатансүйиўшилик руўхында тәрбиялаўда бүгинги күниде өз әҳмийетиниң жоқары екенлигин күнделикли турмыс көрсетип бермекте.

Сарыгүл Баҳадырова илим тараўында тынымсыз шаршамай мийнет етип, өзиниң көп ғана баҳалы мийнетлери менен иззет-ҳүрметке ийе, абырайға ерискен инсан. Оның өмир жолы ҳәм ислеген ислери бүгинги күнги жасларымыз, әсиресе илим жолына қәдем атлаған ҳәр бир болажақ илимпаз ушын үлги мектеби болып есапланады. Себеби, жасларға ҳәм шәкиртлерине тәлим-тәрбия бериўден жалықпайтуғын, өзиниң кәсибиниң пидайы илимпазы ретинде ҳүрметке миясар болды. Оның өмири ҳәм дөретиўшилик хызметиниң тийкарғы мазмуны илимге ҳәм халқына хызмет етип, мәдениятын раўажландырыўға тынымсыз умтылыўда болды. Халқымыздың өтмиш мийрасын үйрениўде орны бар ҳәм инсаныйлық пазыйлетлерди бойына жәмлеген Сарыгүл Баҳадырованың мазмунлы өмир жолы ҳәр бир инсан ушын өрнек болып есапланады.

Белгили илимпаз, «халқымның тарийх соққыларында жоқ болып кетпей бүгинги күнге жетиўин… қаншама қыйын жолларды басып өтип» изертлеп киятырған қарақалпақтың мәрт қызы Сарыгүл Баҳадырованың мазмунлы 80 жасқа толыўы менен шын жүректен құтлықлап, илимий дөретиўшилик жумысларында талмас күш-жигер, беккем ден-саўлық, халқымыздың ийгилиги ушын жумысларында жаңадан-жаңа табыслар тилеў менен бирге, кәсиплеси Қурбанбай аға Жәримбетовты қуўатлаған ҳалда «Қараөзекке қайтпағаның жақсы болған екен» Сарыгүл апа дегимиз келеди.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Мирзиеёв Ш. Буюк келажагимизни мард ва олижанов халқимиз билан бирга қурамиз. – Тошкент: Ўзбекистон, 2018.

2. Баҳадырова С. Ҳәзирети ата-баба қалдырған байлықлар // «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2010. 13-июль.

3. Баҳадырова С. Қарақалпақ қандай халық. – Ташкент: Наврўз, 2017.

4. Өтегенов Ж. С.Баҳадырова жүз томлық фольклор жойбарының авторы (ма) // «Устаз жолы» газетасы, 2020. июнь-июль.

5. Жәримбетов Қ. Қараөзекке қайтпағаның жақсы болған екен // «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2014. 1-ноябрь.

6. Баҳадырова С. Қарақалпақ фольклорының 100 томлығы – илим жаңалығы // «Халық аўызеки дөретиўшилиги миллий ҳәм улыўма инсаный қәдириятлар системасында» атамасындағы халықаралық илимий конференция материаллары. – Нөкис, 2015.